



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE APLIKASYON POU PWOGRAM BOUS KÒ SANTE PIBLIK ETA NEW YORK LA OUVÈ KOUNYE A

Gen Plis Pase 1,000 Bousye k ap Jwenn Fòmasyon nan Cornell University e ke y ap Delpwaye pou Operasyon Sante Piblik yo

Kò a Ranfòse Kapasite Mendèv la k ap dire Tout Apre Pandemi COVID-19 La, jan sa Endike nan Eta 2021 pou Eta a

Ou Ka Soumèt Demann Aplikasyon Pa Woulman yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke aplikasyon yo ouvri kounye a pou Pwogram Bous Kò Sante Piblik Eta New York la (New York State Public Health Corps Fellowship Program), yon pwogram ki potko janm egziste nan peyi a ki pral kontribiye nan pote yon repons imedya kont COVID-19 la ak nan efò pou vaksinasyon yo epi ranfòse kapasite mendèv lokal ak nasyonal yo ki nesese pou reponn ak ijans sante piblik yo alavni. Pwogram sa a pral ofri jiska 1,000 djòb peye aplentanak plasman nan Depatman Sante Eta New York la, nan depatman sante lokal yo eksepte pou Vil New York la, oswa lòt patnè sante piblik yo atravè eta a. Bousye yo ap suiv kou anliy e resevwa Sètifika Nosyon Debaz nan Sante Piblik nan Cornell University, jan sa soulinye nan Diskou Eta 2021 Gouvènè a sou Eta a.

"Pandemi COVID la te pran New York daso e li te boulvèse lavi nou, e youn nan pi gwo leson ke nou te aprann se ke nou dwe ajì kounye a e prepare nou pou pwochen kriz sante piblik la," **dapre sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou fè ekip ak Cornell University pou nou fòme ak edike pwochen jenerasyon pwofesyonèl sante piblik yo, ki pral pare pou entèvni sou teren an e ede kominote yo si toutfw ak lè yon lòt ijans sante piblik parèt. Mwen ankouraje tout moun ki enterese yo depoze kandidati yo nan pwogram sa a ki se premye pwogram konsa nan peyi a epi patisipe nan efò ak preparasyon pou fè fas ak sitiyoasyon ijans sante piblik nan New York."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker te deklare, "Mwen aplodi efò Gouvènè Cuomo yo pou kreye pwogram sante piblik inik ak avangadis sa a ki pral bonjan benefisyè tout Nouyòkè yo. Se yon opòtinite ki vrèman enteresan pou konstwi sou konesans ak ekspètiz mendèv Eta a nan sante piblik ak kominote swen sante pou amelyore kapasite repons kont COVID-19 aktyèl nou yo, angaje Nouyòkè ki te pataje eksperyans nou yo nan goumen kont pandemi sa a pandan ane pase a, sipòte

retou nan abitud aktivite sante piblik enpòtan yo epi chèche gen yon nouvo jenerasyon pwofesyonèl nan sante piblik."

Bousye ke yo seleksyone pou pwogram nan ap gen ladan yo etidyan ki fenk gradye ak sa ki avanse nan etid siperyè yo nan sante piblik; moun ki nan pwogram enfimye, medikal, dantisri, famasetik ak pwogram sante konèks; pwofesyonèl medikal ki retirete; preparasyon pou ijans ak lòt Nouyòkè yo ki pral resevwa yon kourikoulòm fòmasyon entansif nan sante piblik ke Cornell University devlope. Yon fwa ke yo seleksyone pou Pwogram Bous Kò Sante Piblik Eta New York la, bousye yo pral konplete Pwogram Sètifika sou Nosyon Debaz nan Sante Piblik Cornell University a (Cornell University's Public Health Essentials Certificate Program). Pwogram nan pral ede nan vaksinasyon kont COVID-19 ki ankou a ak operasyon pou reponn ak epi etabli yon kapasite entèvansyon dijans an matyè sante piblik ki pral rete pou apre pandemi aktyèl la. Nou ankouraje moun yo enskri [isit la](#).

Prezidan Cornell University a, Dr. Martha Pollack te deklare, "Kò Sante Piblik la prezante yon opòtinite ekselan pou pataje resous pedagojik Cornell University yo yon fason ki nan avantaj bousye yo nan Kò Sante Piblik Eta New York la. Cornell University fyè pou li asosye ansanm ak Eta New York la pou li fòme jiska 1,000 bousye konsa y ap pare pou yo sèvi kominote lokal yo nan ijans sante piblik aktyèl ak fiti yo."

Prezidan Sòtan Asosyasyon Fonksyonè Sante Konte nan Eta New York (New York State Association of County Health Officials) la, Dr. Kevin Watkins, te deklare, "Entegrasyon depatman sante lokal yo nan nouvo pwogram sa a kreye yon kowazyon ki pral soutni repons aktyèl nou fas ak COVID-19 la epi konstwi mendèv ki nesèsè pou leve fiti defi sante piblik yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li mete sou pye Kò Sante Piblik Eta New York la pou li deplwaye plis mendèv nan sante piblik ki trè nesèsè nan tout eta a."

Jim Malatras, Chanselye State University of New York la te deklare, "Sistèm SUNY an pral yon asosye aktif nan lanse Kò Sante Piblik la—premye pwogram san parèy la ki pral ede New York mete yon fen ak COVID-19 pandan l ap pi byen prepare nou pou pwochen pandemi an. Pandan 15 dènye mwa ki sot pase yo, manm kominote SUNY yo—etidyan nou yo an patikilye—te demontre yon gwo angouman pou sèvi kominote yo e jwe yon wòl santral nan repons sante piblik la. Kò Sante Piblik la se yon gran opòtinite pou etidyan sa yo ak sa ki fenk gradye yo pou kontinye pouswiv enterè yo pou sèvis la pandan y ap founi yon kouch repons esansyèl ak adisyonèl pou ijans sante piblik ki gen pou vini yo."

Vizite ny.gov/publichealthcorps pou plis enfòmasyon ak pou enskri nan Kò Sante Piblik Eta New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)